


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 38 (7178) 18 сентябрь Рузман 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


## Рищиязул хIасилал

###Ункъго росулъ депутатал рищиялъе рищиял тIоритIана

Гьаб соналъул I3 сентябралда районалда тIобитIана бакIалъулаб управлениялъул представительниял органазде депутатал рищиялъе рищиял. Районалъул ункъго росдаца рищана бакIалъулаб Собраниялде депутатал.



Жигараб гIахьаллъи гьабуна рищиязда бакIалъулал гIадамаз. Гьаракь кьезе рачIана избирателазул гIаммаб къадаралдаса I387 избиратель. Гьеб ккола 93,08 процент. Рикьун руго киналго 28 мандатги. Гьездасан I9 мандат щвана «Единая Россия» ВПП-ялъе, «Трудовая партия России», «Правое дело» ва «Патриоты России» партиязе щвана кIи-кIи мандат, лъабго мандат щвана самовыдвижениялъул кандидатазе.

Гьедин «Единая Россия» партиялъе щвана 76,4 процент. Гьединго бихьизабизе ккола 28 мандаталдасан 6 мандат щвана руччабазе, гьеб ккола 2I,4 процент ва гIолилазе – 39,2 процент.

Рищиял ана штатнияб режималда, гIодобе биччараб ахIвал-хIалалда, кинаб букIаниги закон хвезаби ккечIого.

Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо

## Тарихиябгун рухIияб кьалбал ругеб байрам

I5 сентябралда нилъеца кIодо гьабуна Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо. Гьеб ккола гъваридал тарихиялгун рухIияб кьалбал ругеб байрам. Ракълилгун вацлъиялъул гьоркьорлъаби гIасрабаз гIуцIана нилъер умумаз. ВатIаналде къо ккедал тушманасдаса гьеб цIунизе цадахъ къватIире рахъана дагъистаниял. Гьелъие мисалал гIемер рачине бегьула.

Дагъистаналъул тарихалда кIудияб лъугьа-бахъин ккараблъун ккана 20II сон. 20I0 соналъул декабралда Дагъистаналъул халкъазул III съездалда хIукму гьабуна цIияб праздник – Дагъистаналъул халкъаз Надыр-шагьасул рикIкIун хIал кIолареб кIудияб ва гучаб аскаралда тIад бергьенлъи босараб къо – Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къолъун лъазабизе ва гьеб щибаб соналъго миллияб байрам гIадин тIобитIизе. 20II соналъул 6 июлалда бахъараб Дагъистан Республикаялъул Президентасул Указалда рекъон, Дагъистаналда I5 сентябрь лъазабуна Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къолъун. Гьелдаса нахъе гьеб праздник кIудияб байрам гIадин кIодо гьабулебги буго.

Гьеб праздникалъе кьучI лъураб лъугьа-бахъин ккана I74I соналда. XIII гIасруялъул бакьулълъиялда Иранazул полководец Надыр-шагьил бетIерлъиялда 100 азарго чи вугеб аскаралъ Кавказалде сапар бухьин. Гьезда ракIалда букIана къокъаб заманалда жаниб тIолабго Дагъистан кодобе босизе. Гьездаса гIагараб ракь цIунизе къватIире рахъана Дагъистаналъул киналго халкъазул вакилзаби. Тушманасулгун кутакал рагъал ккана гIандадерил жаниблъиялда, ай Гъуниб районалъул Сугъралъ росдада аскIоб бугеб ХIицIиб абулеб майданалда. Гьениб щущахъ биххизабуна Иранаалъул шагьасул кIудияб армия.

Жакъа Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул байрамалъул къояз нилъеда тIадаб буго дунялалдаго рагIараблъун лъугьараб гьеб бергьенлъи босаразул бахIарчилъиялдаги къо хIехьеялдаги, къо ккараб мехалда гьезул букIараб гъункараб цолъиялдаги цебе бетIер къулизе.

РакI-ракIалъ баркула киналго районцоязда Дагъистаналъул жамгIияб цолъи, социалиябгун экономикияб рахъ цебетIей, хIинкъи гьечIолъи цIуни, эркенаб ва тIегьалеб Дагъистан цIуни.



Сураталда: ***ХIицIиб майданалда бугеб памятник***

## Цолъи – кIудияб къуват

Дагъистаназул халкъазул цолъиялъул къо-I5 сентябралъул хIурматалда Шамильхъалаялда райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана учреждениял-организациязул хIалтIухъабазул данделъи. Гьеб рагьана районалъул администрациялъул культураялъул управлениялъул нач. ХI. МухIамадовас.

Данделъиялда халкъазул цолъиялъул къоялъул хIакъалъулъ кIалъай гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул зам. М. ХIасановалъ. КIалъазе вахъарав Шамильхъала СОШалъул директор Гъ. ГъазимухIамадовас бицана Ираназул Надыр-шагьасде данде рагъулаго дагъистанияз хасго магIарулаз бихьизабураб бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ.

## Пайдаяб тадбир

I4 сентябралда «Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялъул» хIурматалда Унсоколо районалъул Балахьуни росдал школалда тIобитIараб уренникалда гIахьаллъана 5-II классазул цIалдохъаби.Утренник рагьана магIарул ва гIурус мацIазда цIалараб Дагъистаналъул гимналдалъун. Надыр-шагь щущахъ виххизавиялдаса байбихьун батIи-батIияб заманалда Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул бицун цIалдохъабазда цеве кIалъана ХIаскъил МухIамадов.

***(Ахир 2 гьумералда)***

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 38 (7178)*
*18 сентябрь 2015 сон*

*2 гъумер*

*Дагъистаналъул Автономияб Советияб Социалистияб Республикаялде гъорлъе Унсоколо район ана гlараб гlелмуялъул машгъурал гlадамазулги, хlинкъи-къай гъечlел бодул церехъабазулги, пагьму-гъунар бугел гlадамазулги район хlисабалда. Кавказалъул рагъул соназдаса байбихьун мугlрузда Совет власть щула гьабулел соназде щвезегlан Дагъистаналъул тарихалда меседил гьормал рагьана Унсоколо районалъ.*

# Пайдаяб тадбир

Хадуб утренникалъул гlахьалчагlи балагьана «Иццухъ» абураб гъваридаб магlнаялъул сценкаялъухъ( 7 «б» кл.). Щибаб классалъ бихьизабуна цебеккунго кьун букlараб тlадкъаялда рекъон хlадур гьабураб Дагъистаналъул миллатазул ратlлил формаби, квен хlадур гьабиялъул хаслъаби, цlалдохъабазухъ чlахlаго хъван кодоб



ккун рукlана щибаб миллаталъул кицаби ва абиял. Дагъистаналъул аслиял халкъазул гуребги цlалдохъабаз рихьизаруна чачаназул, азербайджаназул ва цогидазул Дагъистаналда гlумру гьабун ругел халкъазул ратlлил формаби, квен-тlех. Жюриялъ бищунго лъикlаб къимат кьуна : «хьиндалазул»( 9 «б» кл.) , «лъарагlазул» ( 7 «б» кл.) ва цогидазулги церерахъиназе. Утренник балагьаразе пайдаяб ва аваданаб ахlвал-хlалалда ана.

*Мухlамад ГЪАЗИМУХlАМАДОВ.*

---

Инхоса ГlалихIажияв гьавун - 170 сон

# Поэт ва философ



Исана I70 сон тlубала Дагъистаналъул кlудияв рагlул устар, философ Инхоса ГlалихIажияв гьавуралдаса. Гьелда хурхун цlалдолезул конференция тlобитlана гьал къоязда районалъул библиотекаялда.

Гьенире ракlарун ру-кlана Унсоколо № I ва 2 школазул цlалдохъаби. Поэтасул гlумруялъул нухалъулги бицун конференция рагьана библиотекаялъул зав. Гlайшат ГlабурахIмановалъ. Цlалдохъабазе гьев пикро цlубарав поэтасул гlумроялъул нухалъул бицана райОНОялъул хlалтlухъан Муртазагlали ХlажимухIамадовас. Гьес тlадчlей гьабуна исламиябгун дунялиял асараздасан поэтасул тlокlкlарал пикрабазда, гlакъиллъиялда, гlаданлъи, намус-яхl цlунизе ахlулел гьесул меседилал мухъазда.

Инхоса ГlалихIажиясул интересал лъугьа-бахъиназда тlадчlей гьабуна гьоркьо-гьоркьоб Гl. ГlабдурахIмановалъги.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул редактор С. КъебедмухIамадовалъ бицана поэтас лъимерлъудаго жиндаго тlад хlалтlун, гlемер цlалдон пикро цебетlезабулеб букlараб куцалъул. Гьединго тlадчlей гьабуна «Макка бахъи»» абураб асаралда гьес (с. т. гl. в.) МухIамад аваралгасул диналъе гlоло къеркьеялъул бицун бугеб куцалда, гьединго бихьизабуна тlоцебе гьеб къеркьеялъул хъварав гlарабиясцин ГlалихIажияс гlадин мухlканго Макка бахъиялъул хъван гьечlин. Гlурус пачаяс дуниялалъуго рагlул устарзабазе къимат кьезе Парижалда ахlараб конгрессалда

*«Захlмат бихьичlого*
*Рахlат бокьарас,*
*Бекьичlого лъилье,*
*Нилъ гьечlого хур»*,-

абурал рагlаби хlисабалдеги росун, Инхоса ГlалихIажиясе тlоцебесеб бакl кьунин.

Кlудияв поэт Инхоса ГlалихIажиясул творчествоялдасан гlуцlараб цlалдолезул конференция гlахьаллъаразе пайдаяб куцалда ана.

*Нижер мхбир.*

# Объявление
## о конкурсе на замещение вакантной должности «директор школы»

На основании распоряжении Главы МО «Унцукульский район» № 135-р от 31. 08. 2015 г. МКУ «Управление образования» МО «Унцукульский район» объявляет конкурс на замещение вакантной должности «директор школы» в следующих муниципальных учреждениях образования:

**«Ашильтинская средняя общеобразовательная школа»;**

**«Зиранинская средняя общеобразовательная школа»;**

**«Ирганайская средняя общеобразовательная школа»;**

**«Кахабросинская средняя общеобразовательная школа»;**

**«Иштибуринская основная общеобразовательная школа».**

**Квалификационная требования к претенденту на замещение вакантной должности «директор школы»:**

-высшее профессиональное образование по направлениям подготовки «Государственное и муниципальное управление», «Менеджмент», «Управление персоналом» и стаж работы на педагогических должностях не менее 5 лет.

-или высшее профессиональное образование и дополнительное профессиональное образование в области государственного и муниципального управления или менеджмента и экономики и стаж работы на педагогических или руководящих должностях не менее 5 лет.

**Претенденты на участие в конкурсе представляют в конкурсную комиссию следующие документы:**

-личное заявление;

-анкету установленной формы;

- копии документов об образовании или дополнительном профессиональном образовании;

-копию трудовой книжки;

-копию документа, удостоверяющего личность;

-справку о наличии (отсутствии) судимости (или) факта уголовного преследования либо о прекращении уголовного преследования по реабилитирующим основаниям, выданную в порядке и по форме, которые устанавливаются федеральным органом исполнительной власти, осуществляющим функции по выработке и реализации государственной политики и нормативно-правовому регулированию в сфере внутренних дел;

-медицинскую справку о состоянии здоровья (форма 086/у, или 083/у, или другая);

- фотографию размером 3х4.

В дополнение к перечисленным документам гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, вправе представить рекомендации с места работы и краткое резюме, с указанием наиболее значительных служебных достижений (участие в реализации национальных проектов, программах, побед в профессиональных конкурсах, участие в социальной деятельности и т. д.).

**Конкурсная комиссия находится по адресу:** Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Унцукуль, ул. Мусы Балаханского 2, МКУ «Управление образования».

Прием документов для участия в конкурсе производится ежедневно в течение 21 календарного дня со дня опубликования по адресу: : Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Унцукуль, ул. Мусы Балаханского 2, МКУ «Управление образования».

Время приема документов с 9.00 до 17.00: телефоны для справок 8928 5872482; 98604115765.

Несвоевременное предоставление документов, предоставление их не в полном объеме или с нарушением правил оформления без уважительной причины являются основанием для отказа гражданину в их приеме.

Унсоколо район гlуцlун - 80 сон

# Тlоцересел рищиял

I927 соналъул хаслихъе Унсоколо росулъ тlоцересел рищиял тlоритlана росдал Совет бищизе. Гьеб букlана рагьараб гьаркьидалъун гьабулеб рищи. Рищиязда тlоцебе руччабазги гьабуна гlахьаллъи. Росдал жамагlат бакlарана Къулгlадухъе (росдал майдан бугеб бакl). Рищиял тlоритlизе Хунзахъ райисполкомалъул вакилги вачlун вукlана. Партячейкаялъул секретарьлъун вукlана ХlарикоIоса ХlажиевМухlамад.

Гьенир рищиял тlоритlиялде данде чlаралги рукlана. Цидахун кlалъана Хlасанова Хади. Бедняцкий группаялдехун гьелъ абуна:

- Гьал, руччабиги мискинзабиги рокъор те. Наиблъунги, бегавуллъунги, чlухlбилъунги нижеца нижеезе бокьарал гlадамал рищила,-ян!

Хонжрода кверги лъун жамагlаталда цеве вахъана Ражабил Мухlамадил Ражаб. Гьес абулеб букlана жидее бедняцкий группаялъги партячейкаялъги рихьизарурал гlадамал хlажат гьечlин, списокал цlидасан гьаризе кколин. Гьезул рахъалда чlана жеги I5-20 чи. Гьез цереккун хlадур гьарурал списокал цlализе риччачlо. Рищизе ругел чагlазул цlиял списокал гьаризе ккана. Росдал Советалъул председательлъун гьаркьалги кьун вищана Султlанов МухlамадгIали (квачlикъ) ва Советалъул 54 членги. Гьезда гьоркьор рукlана 6 чlужугlаданги: Гамил Патlина, Ибрагьимова Хlали, ИбрагьимхIажиева Гlаща, Малачиева Агlи ва цогидалги.

# Ансадерил некlсияб кьурди



Гьеб буго магlарухъ такрарлъи ва жинда релъараб цоги гьечlеб кьурди. Хасаб бакъанги буго гьеб кьурдул. Аргъаналда гьеб мунагьал чураяв Муилазул НурмухIамадил ГlабдулагьицаIгlадин цоги лъицаниги бачунароан. Гьеб кьурди рагlа-ракьанде щвезабун гьабулаан, мунагьал чураял, МухIамаев Хlажиясги ГlабдулаеваРазиятицаги.



Ахихъан
Районалъул газета
№ 38 (7178)
18 сентябрь 2015 сон



*Щибаб риидал МахIачхъалаялъул аслияб мажгиталда лъималазда исламиял кьучIал малъулелдаса чанго сон буго. Ясалги васалги батIа-батIаго рачIуна мажгиталде ва гьезда малъула исламалъул кьучIал гурелги, гIумру гьабизе кколеб къагIидаги. Гьенире рачIанщинал лъималин абуни кваназарула «Инсан» фондалъ.*

*ТIадеялдаса-тIаде гьенире рачIунезул къадар гIемерлъулеб буго. ГьабсагIаталда мажгиталде хьвадулел лъималазул къадар бахуна щунусгоялде.*



# Къурбан хъвеялъул къагIидаби

Къурбан хъвеялъул хIакъалъулъ Къуръаналда абулеб буго:

«Дуца дур БетIергьанасе гIоло, Гьев разилъиялъул мурадалда какги бай, Къурбанги хъве»,-ян.

Цоги хирияб аяталда буго:
«Аллагьасухъе нужеца хъурал къурбаназул биялги гьаналги щоларо, кинниги Гьесухъе щола Аллагьасукьа бугеб хIинкъи»,-ян унго-унголъун Аллагьасукьаги хIинкъун, Гьев разилъиялъул мурадалда Къурбан хъве, гьеб Аллагьас къабул гьабулилан.

Къурбан хъвезе ракIалда бугев чияс Зул-хIижжаталъул тIоцебесеб къоялдаса байбихьун Къурбан хъвезегIан черхалдаса я рас, я малъ къунцIичIого тезе суннатаб буго, ай къунцIизе карагьатаб буго.

Къурбаналъул хиралъиялъул хIакъалъулъ хирияб



хIадисалда нилъер Аварагас (с. т. гI. в.) абулеб буго:
«Къурбан хъолеб къоялъ инсанас гьабулеб гIамалалъул бищунго Аллагьасе бокьулеб гIамал би гIодобе тIей буго, ай Къурбан хъвей буго». Гьебго хIадисалъул ахиралдаги буго:

«Къурбаналъул бидул тIири ракьалде бортилалде цебе гьеб тIири Аллагьас тIадегIанаб бакIалде бахине гьабулилан».

Тирмизияс бицараб цоги хIадисалдаги буго: «Къурбаналъул щибаб рас рикIкIун бетIергьанчиясе кири хъвалилан».

Къурбан хъвей муаккадал, ай нилъер Хирияс тIадчIей гьабурал, рес букIаго нилъецаги тезе бегьуларел суннатаздасан цояблъун ккола. ХIатта цо-цо имамзабаз фаризаяб бугин абулебги буго. Амма гьеб хъвезеян абун назру гьабуни, гьеб мехалъ гьеб Къурбан хъвезе тIадаб буго. Гьеб тIадаб Къурбаналъул щибниги жо кваназеги бегьуларо, кинабго, хIатта тIом-квасгицин мискинзабазе кьезе ккола. Гьединго кваназе бегьуларо васият гьабурав чиясдасан хъураб Къурбаналъул гьанги. Амма васият гьабурав чияс абуни, дидаса Къурбаналъе хъураб жоялъул кколеб бутIа мискинзабазеги кьун, хутIараб кванай,- абун, гьеб мехалъ кваназе бегьула. Васият гьабичIев хварав чиясдаса Къурбан хъвезе бегьи – бегьунгутIиялда хилаф буго. Хъвезе бегьулин абулел гIалимзабиги ругелъул, гьелдаса пайда гурони зарал щвеларо. Къурбан хъвезе суннатаб буго бусурманав, гIакъилав балугълъарав чиясе, Къурбан хъвеялъул хадусеб лъабабго къоялъги жиндиеги жинца хьихьизе кколел чагIазеги кваназе гIолеб жоги батани, гьелдаса тIокIлъараб жоялдаса Къурбан хъвей муаккадаб суннат буго. Рес рекъани, рукъалъул агьлуялъул щивасдаса хъвезеги суннатаб буго, амма цоясдаса хъуниги рукъалъул агьлуялъул киназдасаго суннат тIаса ккола. Къурбаналъе хъвезе бегьулел хIайванал вараниги, чIегIерхIайванги, гIиялъажоги буго. Рес гьечIев чияс гIанкIу хъуниги, хъвезе бегьулиланги буго, Аллагь разилъаяв ибну ГIабасица гьедин абунилан буго. (Бал: «ШархIул Мафруз», 202 гьум.) Къурбаналъе бегьизе ккани, варанидул щуго сон тIубараб букIине ккола, чIегIерхIайваназулги цIаназулги кIиго сон тIубараб букIине ккола. ГIиялъажоялъул цо сон тIубараб букIине ккола, ялъуни анлъго моцIги тIубараб, цереса цабиги рортараб букIине ккола. Къурбаналъе хъолеб хIайван гьаналъе мукъсанлъи гьабулеб гIайибаздаса бацIцIадаб букIине ккола. Масала, цIакъго хIалакъабги бегьуларо, цIакъго рекъабги, цIакъго беццабги, цIакъго унтарабги бегьуларо, гIинзул цо бутIа къотIарабги бегьуларо, хъвалхьараб бегьула. Имам абу ХIанифилги имам Маликилги мазгьабазда рекъон гIинзул лъабго бутIа гьабун цо бутIа гIанисеб къадар къотIараб бугониги, гьебги бегьула. ГIундузул цо бутIа къотIараб гурони щолеб гьечIони, кIиявго имамасда нахъги рилълъун, гьебги хъвезе бегьула Къурбаналъе. ГIундул рорлъарабги, лълъурдул гьечIебги бегьула, балъ (суй) гьабурабги бегьула. ГIантаб бегьуларо, хъирис барабги бегьуларо, къинаб бегьулиланги абула. Къурбаналъе бищунго хъвезе хирияб варани буго, хадуб чIегIерхIайван буго, хадуб гIиялъажо буго. Варанидулги чIегIерхIайваналъулги анкьил бутIаялда гIахьаллъиялдаса цо гIиялъажо хъураб хирияб буго. ЦIцIе хъвеялдаса квасул жо хъураб хирияб буго, квасул жоялъулги куй хъураб хирияб буго, куйдузда гьоркьосаги хъахIаб, лълъурдулги чIахIияб хирияб буго. Киналго хIайваназда гьоркьосаги ч1ахIиял, кьариял хъуни хирияб буго.

## КЪУРБАН ХЪВЕЯЛЪЕ НИЙЯТ ГЬАБИ

Къурбан хъолеб мехалъ нийят гьабила: «Дица нийят гьабула дирго черхалдаса, яги дун вакил гьавурав пуланав чиясдаса суннатаб Къурбан хъвезе, Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар».

Назру гьабун бугони абила: «Дица нийят гьабула дида назру гьабураб Къурбан хъвезе (пуланасдаса яги жиндасаго) Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар»,-абун.

Нийятги Къурбан хъолеб гIужалъ гьабизе ккола. Къурбан жиндасаго хъолеб бугони, жиндирго кверalъ хъвезе суннатаб буго, жинцаго хъолеб гьечIони, хъолеб гIужалда аскIов вахъун чIезе суннатаб буго. Нилъер хирияв Аварагас (с. т. гI. в.) Аллагь разилъаяй жиндирго яс ПатIиматида абуна:

«Мун тIаде яхъа, дурго Къурбаналда аскIой яхъун чIа, гьелъул тIоцебесеб бидул тIири тIинкIараб мехалъ дур церехун арал мунагьал чурула»,-ян. ХIадис ХIакимица бицана кьучIаб иснадалдалъун.

Хъвезе цоги чи вакил гьавулев вугони, нийят гьаби вакиласде тIамизеги бегьула. ГIиялъажо хъолеб бугони, нийят цо чиясдасан гурони гьабуларо, кириялъулъ бокьа-бокьарал чагIи гIахьал гьаризеги бегьуларо. ЧIагояв чиясдаса Къурбан хъвезе бокьани, гьесул изну къваригIуна, изнуги гьечIого чIагояв чиясдаса хъураб Къурбан къурбанлъун букIунаро. Хварав чияс васият гьабун гьечIони гьесдаса Къурбан хъвезе бегьуларо, кьучIаб рагIиялда бан. Амма бегьизеги бегьулин, кириги щолилан абулел гIалимзабиги руго. Балагье: «Сиражул вагьгьажалде», «ЩархIул Мафрузалде», «Уммул баяналде», ва гь. ц.

Къурбан хъолев чиги Къурбаналъе хъолеб хIайванги Къилбаялдехун руссун рукIине суннатаб буго. Къурбан хъолеб мехалъ «Бисмиллагь» бахъила, цинги свалат битIила, цинги лъабцIул «Аллагьу акбар» абила, цинги гьаб дугIа цIалила:

«Аллагьума гьаза минка ва илайка фатакъабал мини»,-абун. Нусги лъухьун рекIинабизе суннатаб буго, хъолеб хIайванги бехъерхъун бачинчIого, бигьаго хадуб цIан бачина. Нусги хIайваналда бихьизе теларо, цояб хIайванги тIаде балагьун букIаго, гьелда цебе цогидабги хъвеларо, мукъулукъалда нусги хехго бахъила. Къурбан хъолеб гIуж байбихьула ГIидалъул къоялъ хочол къадаралъ бакъ бахун хадуса, гьеб ккола, бакъул тIогьиллъиги ун, бакъ хъахIлъараб заман, гьелдаса байбихьун ГIидалъул къоялъги хадусеб лъабабго къоялъги Къурбан хъвезе бегьула. Ахирисеб къоялъул маркIачIул гIужалда Къурбан хъвеялъул заман лъугIула.

Хъураб Къурбан назру гьабураб бугони, гьеб хъурасги, гьес хьихьизе кколел чагIазги кваназе хIарамаб буго, кванараб жоги мискинзабазе бецIизе ккола, къимат кьунги, кванараб къадар кьунги. Амма суннатаб Къурбан абуни, гьелъул цо бутIа, яги гьанал кесек мискинзабазе гIатIгояб хIалалда кьезе тIадаб буго, хутIараб гьан хъурасги, гьесул агьлуялъги кваназе бегьула, бакъвазе базеги бегьула. Лъабил цо бутIа мискинзабазеги кьун, цоги лъабил бутIа жинцагоги кванан, цоги лъабил бутIа сайгъат гьабуни, гьебги хирияб буго. ТIулалдаса кIиго-лъабго лукъманги кванан, хутIараб кинабго садакъаде кьезе суннатаб буго. Сайгъат гьабун бечедазе кьураб гьан гьез бичизеги хIарамаб буго, мискинзабазе садакъа гьабураб гьан бичизе гьезие ихтияр буго. Белъун гьангун, гьеб кваназе гIадамал ахIизеги бегьула. Хъураб жоялъул тIом, квас садакъаде кьезеги бегьула, сайгъат гьабизеги бегьула, жинцаго какикь тIамун пайда босизеги бегьула, амма бичизе хIарамаб буго. Цо-цояз гьикъула Къурбаналъе хъураб жо бугони, гьеб мавлидги ахIун, гIадамазда кваназабизе бегьулищилан? Гьебги бегьула, амма цин мискинзабазе кколеб гьанал кесек батIа гьабизе ккела, хутIараб гьан, белъинеги белъун, мавлид ахIизе бегьула.

Аллагьас тавфикь кьеги! Амин!

# Хобалъуб тIоцебесеб сордо

КIиго сордо буго шибав буссурманчияс пикру гьабулеб, щивасда цебе чIун букIунеб. Цо сордо буго мун бахIарав гьавулеб. К1иабилеб. Дур хIал киндай букIинеб тIоцебесеб сордоялъ хобалда жаниб; я ракI гъезе чи гьечIеб цохIо дур гIамал гурони.

Аллагьас абулеб буго Къуръаналда:[Ал АнгIам: аят 62](Цинги гьел тIад руссинаре, гьел рижарав гьезул хан, хIакъав БетIергьанасде, гIадлуялдалъун гурони жинца хIукму гьабуларев).

Гьелъие гIоло чара гьечIо нилъее нилъецаго гьеб хоб къачIазе ккола, нилъеда лъала жакъа нилъ чIун ругеб рукъ кинан нилъеца къачIалебали, гьениб жаниб кинабго лъикIаб къваригIунебщинаб чIезабула, квешабщинаб нахъе рехула. Гьединго хобги къачIазе ккола нилъеца лъикIал гIамалаздалъун, квешаб гIамал жаниб биччачIого. Дуда лъай лъикIаб гIамал хобалда жаниб нур буго бакараб чирахъ гIадаб, амма квешаб гIамал бецIлъи буго.

Хобалда жаниб тIоцебесеб сордо..... гьеб бачIана шагIирзабазул цоясухъе, гьев вукIана сапаралда, гьесда хIанчIана борохьалъ, щвана хвалил мехтел. Гьесда кIочон тун букIана эбелалъул, инсул, лъимал-хъизаналъул къо-мех лъикI гьабизе. Гьес абуна гьадинал магIнаялъул рагIаби; кин ватIалъилев дир лъималаздаса, кин телей йокьун ячарай хъизан, щай дица эбел-инсул адаб гьабич1еб; гьадинищха дихъа кинабго жо тIагIине букIараб?.

Аллагьас абулеб буго хирияб Къуръаналда: сурату Ал Муъминуна 99,100.

МагIна: гьезул цоясухъе хвел бачIараб мехалъ гьес абула: я дир БетIергьан, дун дагьаб мехалъ нахъ вахъун те дунялалда хвезавичIого, бокьун буго лъикIаб гIамал гьабизе. Аллагьас жаваб кьола, киса дуй тIад вуссин, гьеб буго гIададисеб хьул, гьесие барзахалъул гIумро буго къиямасеб къо чIезегIан.(Барзах буго дунялалдаги ахираталдаги гьоркьоб бугеб пардав). Киса дуе тIад вуссин, гьанжейищ дуе заман щвараб нафсалъул хIисаб гьабизе, мун хун дунялалдаса ун хадуб. Гьанжейищ дуца тавбу гьабулеб бугеб, дур рухI босун хадуб, гьанжейищ дуца гIассилъи толеб бугеб, рухI гьечIеб къаркъала. Гьанже мун кватIана, дуе тIад вуссин гьечIо...

Ле, масжидалде мугъ рехарав чи, ле, как лъаларев чи, ле Къуръаналдаса кьурун вуссарав чи, ле Аллагьас лъураб гIурхъи хвезабулев чи, ле Аллагьасде гIассилъиялда гIурав чи, йо, расги гьанги къватIибе рехун хьвадулей гIадан, йо тIад къараб ретIел ретIун хьвадулей гIадан, заман щвечIищ нилъее Аллагьасукьа хIинкъизе, тавбу гьабизе, гIассилъи тезе.

Аллагьас абулеб буго хирияб Къуръаналда: сурату Ал ХIадид 16.

(Иман лъурал гIадамазе заман щвечIищ Аллагь рехсон, ракIал Аллагьасукьа хIинкъизе,-абун).

ЩвечIищ нилъее заман хIакъикъаталдаги Аллагьасукьа хIинкъизе хвел-хобалъул пикру гьабизе яги нилъер гIундул раханищ ругел, яги нилъер гIакълу хIалтIуларогойищ бугеб.

Абу Аль ГIитагьият вачIана тIад вугев СултIанас ахIун хъала бан лъугIараб мехалъ гьелъухъ балагьизе, къимат кьезе. Абу Ал ГIитагьида вихьана гьев хан хъулбуз гуккаравлъун, хобалда жаниб тIоцебесеб сордо кIочон таравлъун, нилъеца абула щибав хъулухъалъ кIодолъарав чиясда, щибав чIухIарав чиясда, щибав зулму чиясда, дуда кIочон тоге метерисеб къоялъ мун ине вугеб хобалда жаниб тIоцебесеб сордо,-ян. Гьев СултIанас Багъдадалда бан букIана кIудияб хъала. Абу Аль ГIитагьият жаниве лъугьана гьесда баркизе цинги абуна гьес гьадинал магIнаялъул рагIаби:

Дуца гIумру гьабе дуего бокьанагIан гьаб дунялалда, нусго, азарго соналъ унтичIого къварилъи бихьич1ого. Амма цо къоялъ дур рухI бахъизе лъугьараб мехалъ, дур карандасан ахирисеб хIухьел цIалеб хъирхъири бахъараб мехалъ, гьениб дуда лъала якъинго дуцаго мунго гуккулев вукIараблъи.

СултIан гIоданила гьел рагIабаз.

Дица гьарулеб буго, ле, буссурбабазул жамагIат, нилъ ракьалда хьваде,-ян тIоцебесеб сордоялъ хобалда жаниб нур батулеб куцалъ, хобалда жаниб нур бала Аллагьасда иманги лъун, дуца гьабураб лъикIаб гIамалалъ. Авараг с. т. г1. в. къватIив вахъана Табукалъул гъазаваталде. Цо сордоялъ киналго кьижанин бицунеб буго Ибну МасгIудица: дун сардилъ тIаде вахъана цинги дун балагьана Аварагасул с. т. г1. в. бусаде, дида гьев ватичIо бусада, цинги дица квер лъуна гьесул бусада, гьеб цIорон батана, цинги дун ана Абубакарил бусаде, гьевги ватичIо, цинги дун балагьана ГIумарил бусаде, гьевги ватичIо.

*(Ахир 4 гьумералда)*

# Хобалъуб тIоцебесеб сордо

Гьес абуна: цинги дида кунчIи бахьана лагералъул ахирисел чадрал чIвараб бакIалда, дун ана гьеб канлъи бихьараб бакIалде, гьениб бугоан бухъараб хоб Аваргги с. т. г1. в вугоан хобалда жанив, жаназаги бугоан мусру бан къачIан, хобалда жанибе бегьизе хъин. Абу Бакарги ГIумарги ругоан жаназаялда аскIор Аварагас с. т. г1. в. абуна гьев кIиясдаго: (нуж кIиясго вегье дихъе нужерго гьалмагъ) кIиясго жаназа бегьана жанибе. Аварагас гьеб лъуна хобалда жаниб, гьесул бералги рукIана чвахулел, гьев вуссана къилбаялде, кбералги рорхун абуна: (Я, Аллагь, дитIе гьаб сордо бачIана дун гьесдаса разиявлъун, мунги гьесда разилъе).

Ибну МасгIудица абуна: дица абуна гьав щиван? гьез абуна гьав вуго дур вац ГIабдуллагь-Зул-Альбажадайни. Гьев хвана сардил авалалда.Ибну МасгIудица абуна АлласхIаги дие бокьилаан гьев хварав чи дунго вук1ине.

Щай Ибну МасгIудие гьев хварасул бакIалда живго вукIине бокьараб? Гьесда Аварагасул дугIа рагIун букIиналъ Авараг разияв чиясда Аллагь разильулевлъи лъан, Аллагь разияв чиясул хоб нуралъул цIун букIунеблъиги лъан.

ГIабдулгIазизил вас ГIумар вукIана Амавияб хIукуматалъул амирлъун Маккаялда. Гьес цо къоялда жаниб чанго нухалъ ретIел хисулаан, меседги гIарацги гьесухъ букIана, цере тарал хъулухъчагIи, жанив чIолел хъулби, гьесул букIана кваналеб гьекъолеб жо, гьесул анищ ккарабщинаб букIана. Цо къоялъ буссурбабазул халифаги хун, гьев вищана халифалъун, гьевги лъугьана буссурбабазул жаваб кьолев чилъун. Доб цебе букIараб гIумро гьес кинабго хисана. Щай? Гьесда ракIалде щвана хобалда жаниб тIоцебесеб сордо, гьесда лъана жинда цIехезе букIин киналго жинда гъоркь ругел бусурбабазул.

Жакъа нилъ гьезул гIаксалда руго. Хъулухъалде-бетIерлъиялде ккун хадуб бакIарула буголъи, нилъерго ирсалде, инсул ратилалде тIаде ккарал гIадин лъугьуна.

ГIумар Минбаралда вахъун чIана. Гьев рузман къоялъ гIодана умматалъухъ балагьун. Гьес абуна: нужеца нахъе босе дие кьураб къотIи,-ян [ай гьесул ракI бухIана гьеб хIалтIи тIаде босиялда - халифалъи] Гьез киназго абуна нижее мун гурони цойгидав чи къваригIун гьечIо,-ян. Гьедин гьев халифалъун вищана, гьесие бокьун гьечIониги. Тун анкь инчIо гьев кутакалда загIиплъана, хIалакълъана, гьесул гьурмал кьер хисана. Г1умарилги букIинчIо цохIо ретIел гурони, кинабго гьес кьуна буссурбабазул байтулмалалде [казнаялде].

Ибну Зияд абулев гIалимчияс гьесда абуна: ле, муъминзабазул амир, дида мун вихьулаан Маккаялда вугеб мехалъ, мун ханлъун ккезегIан цебе, нигIматазда гъорлъ, сахлъиялда, дуе ккараб щиб гьедин хисизе? Гьев гIодана кутакалда, цинги абуна: кинаб хIалдай букIинеб, дур, Ибну Зияд, дуда дун хобалда жанив лъун хадуб лъабго къоялдасан вихьани, дида бугеб ретIелги бахъун, дунги хобалда жанибе вегьун, дитIе ракьги хъван, дун дие рокьарал щиназдасаги ватIалъун дица дир гьудулзабиги тун. Мунагьал г1емеразе зах1малъизе буго т1оцебесеб сордо.

БетIерлъи гьабизе бокьарав чияс мисал босе ГIумаридасан.

Аллагьас нилъее тавфикъ кьейги лъикIаб гIамал гьабизе.

Ле, Аллагьасул лагъзал, щиб нилъеца хIадурун бугеб гьеб сордоялде? Аварагас с. т. г1. в. абулеб буго: (хоб буго алжаналъул ахаздасан, жужах1 жужахIазул гвендаздасан).

ГIусман Ибну ГIафан вукIана жаназалъулгун къо-мех лъикI гьабулеб мехалъ гIодулев лъавудаса инегIан, хварав жаназа гIадин ваччулаан гьев рокъове. Цо нухалъ гьесда цIехана: дуе бугеб жо щиб,-ян? Гьес абуна: дида рагIана Аварагас абулеб: (хоб бугин ахираталъул тIоцебесеб рештIунеб бакIин)[АхIмад]. Гьенив хобалъул гIазабалдаса хвасарлъани гьев бергьуна ва талихIалдеги щола, амма хобалда жаниб гIазаб кьуни - Аллагьас цIунаги-гьев хъарцинлъиялде ккола, ай чIового хутIула.

Ле, цере арал гIадамазул цIехолев чи, дуе гьечIищ гьел цере аразулъ хал гьабун вагIза босе жого?.

Нилъеда лъала хабалалъ рукIуна батIи-батIиял; бетIерлъун вукIаравги, гьесда гъоркь вукIаравги, бечедавги, мискинавги, къуваталги, амма тIасан бихьизе киназулго хоб ракьул гвенд бащадаб букIуна, киназдаго жемула хамил кесекги, киниги жанибехун щивасул хIал батIи-батIияб бук1уна. Гьеб буго кIвар бугеб, нилъеца къачIазе кколеб бакI.

Ле, диналъул вацал ва диналъул яцал, нилъ хIадурун ругищ гьеб тIоцебесеб сордоялде!

Аллагьас нилъ киналго рорчIизареги гъафуллъиялъул макьуялдаса. Аллагьас нилъги рахъинареги Аллагьасукьа хIинкъарал гIадамалгун цадахъ, нилъер киназулго мунагьалги чурайги. Аллагьас нилъер хобги гьабеги алжаналъул ахаздасан ахлъун, Аллагьас цIунаги нилъер хоб жужахIалъул гвендаздасан гвендлъун гьабиялдаса. Амин.

***Адам Абдураев.***
***Харач1и росдал имам***

## «Дир профессия - социалияв педагог»

2005 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго дун социалияв педагоглъун. ХIалтIи буго кутакалда захIматаб ва жавабияб, гьаниб бицен гьабулеб бугелъул лъималазе гъваридаб лъай кьезе хIажат букIиналъул, гьел чIахIиязул гIумроялде хIадур гьаризе ккеялъул ва жалго жидедаго ракIчIараллъун гьел куцаялъул хIакъалъулъ.

Лъималазул социализациялъул процесс унеб заманалда загьирлъула батIи-батIиял хиса-басиял, санагIат гьечIел ахIвал-хIалалдалъун кколел. Гьелъул рукIине бегьула батIи-батIиял формабиги гIиллабиги. Лъималазул гьел гIиллабаздехун кинаб букIаниги гьоркьоблъи ва гIайиб букIунаро. ХIатта материалияб рахъалъ лъикIго хьезабураб хъизамалдагицин лъимал чIахIиязул хъачIаб каламалдалъун ккезе бегьула стрессалде. Гьединаб заманалда дагьабги жавабчилъи цIикIкIараблъун ккола дир – социалияв педагогасул хIалтIи. Гьеб ахIвал-хIалалъул заманалда дун хIалтIизе ккола къватIибе загьир гьабизе бегьуларел цевехъанасул, гIакълучиясул ва кумекчиясул ролалда.

Дир хIалтIулъ кIудияб бакI ккола дирго мисалалъ. Мисал босула чIахIиязул хьвада-чIвадиялдасан. КигIан лъикI нилъеца лъималазда рукIа-рахъиналъул бицениги, гьез цо-цо кIи-кIи гъалатIал риччачIого толаро. Лъимал куцазе ккола нилъерго хьвада-чIвадиялъул мисалаздасан.

Дирго хIалбихьиялдалъун абулеб буго лъималазе тарбия кьеялъулъ кIудияб бакI ккола тарбия кьолев чиясул жиндирго ракI бацIцIалъиялъ. Гьединлъидал дица хIаракат бахъула лъималазул бакIалда дунго лъезе, гьесул бераздалъун гIумроялъухъ балагьизе, гьесул рекIел хIал бичIчIизе, гьесул ракI чIезабизе ккола гIадамаздехун гурхIел-рахIму букIине кколилан. Дица бажарараб куцалъ жигар бахъизе буго лъималазул дидехун божараб гьоркьоблъи куцазе, гьесул ракI чIезабизе дидехунги лъималаздеги бугеб гьоркьоблъиялда ва гьезул хадусеб гIумруялъул нухалъул дие кIудияб кIварги ургъелги букIиналъул.

Биччазе бегьуларо лъималазда гьоркьоб ургъел гьечIолъи, гьереси бицин. Гьелъ квешаб асар гьабула лъималазе, гьезда хехго бичIчIула кибехун ритIухълъи бугебали. Чара гьечIого хIажат буго жиндир заманалда гьезул хIалтIуе къимат кьезе, гьесул тIоцебесеб бергьенлъи беццула дица ракI-ракIалъго. Гьеб бергьенлъи щвеялъе гIиллалъун гьесда бихьула лъикIаб рахъалъ живго вихьизави. РакI бацIцIадго ва тIадчIун хIаракат бахъани гIемераб жо щвезе рес букIин. Гьединаб мехалда кумек хIажалъулеб лъимада аскIов кидаго вукIуна социалияв педагог, гьесда вичIчIула гьев ва хIадурго вукIуна кидаго гьесие кумек гьабизе. Гьединго гьесда кIола квешаб рахъалдехун гьев унев вугони гьев жиндир заманалда чIезавизеги, битIараб нухде ккезавизеги.

**Б. М. ПАРИДАЛАЕВ.**
**Рихьуни СОШалъул социалияв педагог.**

## «Автобус» операция



Дагъистан Республикаялъул жанисел ишазул министерствалъул буюрухъалдалъун араб соналъул I4 сентябралдаса 23 сентябралде щвезегIан киса-кибго гIадин нилъер районалдаги тIобитIулеб буго оперативиябгун профилактикияб «Автобус» операциялъул кIиабилеб этап. Гьеб тIобитIиялъул мурадлъун ккола физическиялгун юридическиял лицабазухъ ругел автобусаз гIадамал раччиялъул хIинкъи гьечIолъи букIинаби ва нухазда хьвадиялъул низам цIуни, гьеб хвезабулел загьир гьари. Гьеб тадбир тIобитIулеб буго нилъги нилъер лъималги талихI къосараб ишалдаса цIунун рукIинелъун. Гьеб операция гIуцIадго, нухазда талихI къосарал ишалги ккечIого иналъул мурадалда ОГИБДДялъул хIалтIухъабаз хIалтIи кутаклъизабун буго.

***ОГИБДД***

### ГIурччинаб аптека

# БагIаргьоло

Нилъер умумузул багIаргьалилгун гьудуллъи цIакъго цебегоялдаса нахъе букIана. Гьелъул ватIан Югалъулаб Америка ккола. БагIаргьалилъ буго белок, чакар, беэнлъи, витаминал, калий, фосфор ва гIемер батIи-батIиял химикиял, гIадамазул ва хIайваназул черхалъе хIажалъулел жал. Гьединаб бечелъи хIатта хIайваназул гьаналъцин букIунарин бихьизабулеб буго. ЦIакъго цебегоялдаса нахъе халкъияб медицинаялда багIаргьалица хIурматияб бакI ккола.

Черхалъе пайдаял жалаз бечедаб букIин гуребги, гьеб нигIмат гIемерал унтабазе дарулъунги буго. Кванирокъоб цIекIлъиги мукъсанлъун, квен биине лазат бахъараб мехалъ кванараб багIаргьалица яги гьелъул гьалараб лъеца кумек гьабулеб буго. Калий гьоркьоб гIемер букIиналъ ракI унтаразе, гьеб сабаблъун гьорой баккаразе дарулъун буго. Бидурихьал къварилъун (склероз) гIадалнахалъул ва цоги лугбузул жагъаллъи баккидалги багIаргьалил кумек буго.

ГIемерал улкабазул гIалимзабаз багIаргьоло гьуразул унтиялъ (ревматизм), гипертониялъ (бидул тIадецуй цIикIкIин), подаграялъ (рищалаби) унтаразе хIалтIизабизе лъикIаблъун бихьизабула. ЛъикIаб хIасил бихьизабулеб буго ургьисалаби, понцIеро унтаразе багIаргьоло гьалараб лъим кьуни. БагIаргьалил тIогьол чаялъ кумек гьабулеб буго ццидал къвачIа унтаразе, ургъисалабазулъ чIимих бугезе. Микробал хвезаризе ххенараб багIаргьалил хIур (ханжу) ругъначе, экземалде тIаде щвала. Гьелъул хIинкI гIадаб жо гьабун хьордораб бакIалда яги ругънада тIад чIвани, гьеб хехго сахлъизабизе кумек щола.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -17 . 9. 15 г. 14, 10
фактически -17.20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.